

**Ransèyman sou fason pou ranpli Aplikasyon an**  
*Tanpri pran tan pou w byen li aplikasyon w lan anvan w ranpli l*

**Elijiblite**

Elèv dwe abite nan Distri 29 lè y ap soumèt aplikasyon an pou yo ka kalifye pou patisipe nan pwosesis aplikasyon pou ane akademik 2012/13 pou klas 6yèm-7yèm ane.

**Enfòmasyon sou admisyon**

N ap ofri elèv plas atra dapre non ki sòti nan yon tirajosò.

Nou pa garanti aplikan yo ap jwenn yon plasman nan lekòl yo mande mete yo.

**Chwa lekòl**

Aplikasyon pou Lotri Lekòl presepondè Distri 29 ap fèt pou yonn nan twa lekòl sa yo :

- **P.S./I.S. 208** (Jadendanfan – Klas 8yèm ane)  
74-30 Commonwealth Boulevard  
Bellerose, NY 11426  
(718) 468-6420  
[www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q208](http://www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q208)
- **P.S./I.S. 268** (Jadendanfan – Klas 8yèm ane)  
175-02 Jamaica Avenue  
Jamaica, NY 11432  
(718) 206-3240  
[www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q268](http://www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q268)
- **P.S./I.S. 270** (Jadenfan – Klas 8yèm ane)  
233-15 Merrick Boulevard  
Rosedale, NY 11422  
(718) 341-8280  
[www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q270](http://www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q270)

**Fason pou soumèt Aplikasyon w lan**

Nou ka vin pran yon Aplikasyon nan Biwo Sipèntandan Distri 29, ak nan *Queens Enrollment Office* ki nan adrès 90-27 Sutphin Boulevard, Room 140, oswa sou entènèt nan [www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/Elementary/Publications](http://www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/Elementary/Publications). Soumèt aplikasyon an men nan men lè w fin ranpli l anvan **13 mas 2012** nan :

**Office of the District 29 Community Superintendent**

222-14 Jamaica Avenue, Room 217  
Queens Village, NY 11428  
Monday – Friday 8:00 AM – 4:00 PM

**ANSÈKLE KLAS W AP APLIKE A :      KLAS 6<sup>YÈM</sup>                      KLAS 7<sup>YÈM</sup> ANE**

Soumèt aplikasyon an lè w fin ranpli l *men nan men* anvan **13 mas 2012** nan Biwo Sipèntandan kominotè Distri 29 nan adrès 222-14 Jamaica Avenue, Room 217, Queens Village, NY, 11428. Sonje konsève resi w.

<b>SEKSYON A : ENFÒMASYON SOU ELÈV LA</b>			
Non Elèv la	Siyati Elèv la	Dat nesans (MWA/JOU/ANE) / /	Sèks (reponn si w vle) <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi
Adrès Elèv la ( # kay li, Ri, # Apatman, Vil, Eta ak Kòd postal)			
Non Paran/Gadyen legal	Siyati Paran/Gadyen legal	Lyen ak Elèv la	
Nimewo Telefòn lajounen	Nimewo Telefòn selilè	Adrès Imèl Paran	
Lekòl Elèv la ye kounye a		# ID Elèv la (si l aplikab)	
Tip Lekòl Elèv la ye kounye a <input type="checkbox"/> Lekòl leta <input type="checkbox"/> Lekòl prive/Lekòl pawasyal	Klas Elèv la ap fè kounye a (tcheke yonn) <input type="checkbox"/> 5yèm <input type="checkbox"/> 6yèm ane	Klas li pral fè an 2012/13 (tcheke yonn) <input type="checkbox"/> 6 yèm <input type="checkbox"/> 7yèm ane	

<b>SEKSYON B : CHWA LEKÒL</b>
-------------------------------

Pi ba a nou mete lekòl ou ka chwazi mete nan Aplikasyon pou Lotri Distri 29 pou klas 6yèm – 7yèm ane. Fè sèten ou klase sèlman lekòl ou enterese wè pitit ou ale nan mwa Septanm 2012. Ekri yon chif nan ti espas ki akote chak lekòl pou endike lekòl ou chwazi, nan lòd ou pito yo. Paegzanp, lè w ekri “1” akote non yon lekòl, ou endike ke se premye lekòl ou pito. Lè w ekri “2,” ou endike ke se dezyèm lekòl w ap chwazi, epi kontinye jan sa jiskaske w fin mete yon nimewo akote chak lekòl w ap chwazi. Al gade “Ransèyman sou fason pou ranpli Aplikasyon an” ki nan premye paj la pou w jwenn plis enfòmasyon.

Lòd ou pito lekòl yo	Nimewo lekòl la
	P.S./I.S. 208 (Jadendanfan – 8yèm ane)
	P.S./I.S. 268 (Jadendanfan – 8yèm ane)
	P.S./I.S. 270 (Jadendanfan – 8yèm ane)

<b>SEKSYON C : SIYATI PARAN/GADYEN LEGAL</b>
----------------------------------------------

Mwenn konprann ke pa gen anpil espas nan Aplikasyon an, epi ke Aplikasyon sa a pa garanti plasman pitit mwen an nan okenn nan lekòl ki sou aplikasyon sa a. Mwen konprann ke depi mwen aksepte plasman nan yonn nan lekòl sa yo, mwen vin pa kalifye pou enskri nan okenn lòt lekòl ki sou Aplikasyon sa a.

N ap ofri elèv sa yo ki kalifye mwayen transpò. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou mwayen transpò, tanpri al sou sit [www.nyc.gov/schools/offices/transportation](http://www.nyc.gov/schools/offices/transportation).

Mwen li epi mwen konprann ransèyman pou ranpli aplikasyon an ki pi wo a. Lè m siyen fòm sa a, mwen sètifye ke mwen se paran/gadyen legal aplikan an, ke aplikan ak mwen abite nan adrès mwen mete pi wo a, epi ke mwen gen dwa soumèt aplikasyon sa a onon aplikan an.

Siyati Paran/Gadyen legal	Dat	
<b>Se moun nan Biwo lekòl la sèlman ki pou ekri nan seksyon sa a.</b>		
Received by:	Location:	Date: